



Pou Piblikasyon Imedya: 20/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REZILTA SONDAJ SOU TÈS ANTIKÒ ETA A NAN LEGLIZ NAN KOMINOTE MOUN KOULÈ NYC YO KI GEN REVNI BA MONTRE 27 POU SAN MOUN YO TE TESTE POZITIF POU ANTIKÒ COVID-19

Li kontinye patenarya avèk Ready Responders pou etann tès yo soti nan 8 pou rive nan 40 sit lojman piblik nan tout NYC

Eta a ap fè patenarya avèk SOMOS pou etabli 28 sit tès anplis nan legliz yo ak founisè kominotè yo nan katye ki gen prensipalman minorite yo; yon total 72 sit tès ki baze sou lafwa an patenarya avèk Northwell Health ak SOMOS

Òdone Gouvènman Lokal yo pou ogmante tès yo nan kominote ki gen revni ba yo ak devlope pwogram sansibilizasyon

Yo pral otorize rasanbleman relijye yo ki pa gen plis pase 10 moun ak sèvis sou volan ak nan paking yo nan tout Eta apati 21 me

Eta a konvoke Konsèy Konsiltatif Entèrelijye pou diskite pwopozisyon pou remete sèvis relijye yo an tout sekirite

Li anonse finalis pou Konkou Piblisite New York Pote yon Mask la; Nouyòkè yo kapab vote pandan Jounen Komemoratif la nan [WearAMask.ny.gov](https://www.wearamask.ny.gov)

Konfime 1,525 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 354,370; Nouvo ka nan 42 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a rezilta sondaj sou tès antikò Eta a nan legliz yo nan kominote Vil New York ki gen revni ba yo ak kominote moun koulè yo montre 27 pousan moun yo te teste pozitif pou antikò COVID-19, pa rapò ak 19.9 pousan popilasyon jeneral Vil New York la. Yo te kolekte done yo nan apwoksimativman 8,000 moun epi yo montre gwo to pozitif ak gwo pwopagasyon kominotè kontini nan kominote ki gen revni ba sa yo.

Pou adrese gwo to enfeksyon kontini yo nan kominote ki gen revni ba ak minorite yo, Gouvènè Cuomo te anonse Eta a ap kontinye patenarya li a avèk Ready Responders pou etann tès yo soti uit pou rive nan 40 devlopman lojman piblik nan tout Vil Eta New York. Eta a ap fè patenarya tout avèk SOMOS pou etabli 28 sit tès anplis nan legliz ak founisè kominotè yo nan kominote ki gen prensipalman minorite yo, pou yon total 72 sit tès ki baze sou lafwa nan Eta a an patenarya avèk Northwell Health ak SOMOS. Eta a

pral travay tou pou frennen pwopagasyon kominotè nan kominote sa yo nan ogmante disponiblite Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl yo, nan bay dezenfektan ki baze sou alkòl yo, nan fè aplike distans sosyal yo ak nan etann sante piblik ak edikasyon nan kominote sa yo.

Gouvènè Cuomo te mande tou Gouvènman Lokal yo pou ogmante tès yo nan kominote ki gen revni fèb yo ak devlope pwogram sansibilizasyon pou ede adrese diferans yo nan kominote sa yo.

Gouvènè a te anonse tou ke apati 21 me, yo pral otorize rasanbleman relijye ki pa gen plis pase 10 moun yo nan tout Eta a kote mezi distans sosyal estrik yo aplike epi tout patisipan yo pote mask. Anplis de sa, yo pral otorize sèvis sou volan ak nan paking yo apati jedi.

Gouvènè a te anonse tou Eta a ap konvoke yon Konsèy Konsiltatif Entèreligye (Interfaith Advisory Council) pou diskite pwopozisyon yo pou remete sèvis yo an tout sekirite. Yon lis manm Konsèy Konsiltatif Entèreligye a disponib [isit la](#).

Gouvènè a te anonse tou senk finalis yo pou Konkou Piblisite New York Pote yon Mask (Wear a Mask New York Ad Contest) la, ke Gouvènè te lanse nan dat 5 me a epi ke pitit fi li Mariah Kennedy Cuomo ap siveye, ki mande Nouyòkè yo kreye ak pataje yon videyo ki eksplike poukisa Nouyòkè yo ta dwe pote yon mask an piblik, Pandan de semèn ki sot pase yo, Eta a te kolekte plis pase 600 soumisyon Nouyòkè yo ki atravè Eta a Nouyòkè yo kapab vote pou piblisite ki genyen an jiska 25 me nan WearAMask.ny.gov. Yo pral anonse piblisite ki genyen an madi 26 me, ak piblisite sa a pral sèvi kòm yon anons sèvis piblik.

"Nan tout peyi a, kominote ki gen prensipalman minorite yo toujou ap konstate yon ogmantasyon nan kantite yo epi yo ap soufri pi plis anba viris la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te fè yon gwo pwojè rechèch epi nou te jwenn ke sa vre nan vil New York kote pousantaj moun ki te teste pozitif pou COVID-19 yo te pi wo nan kominote ki gen revni ba yo pase nan popilasyon jeneral la. Done yo montre tou jis yon pi gwo kantite ka pozitif, men ke pwopagasyon an ap kontinye nan kominote sa yo epi se kote sa yo nouvo ka yo soti. Konsa nou te fè rechèch epi nou gen done yo, men kounye a nou dwe egzekite estrateji sible, ki agresif nan kominote ki afekte anpil sa yo pou ede adrese disparite sa yo."

Finalman, Gouvènè a te konfime 1,525 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 354,370 ka konfime nan Eta New York. Nan total 354,370 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	1,682	27
Allegany	44	0
Broome	436	7
Cattaraugus	70	1
Cayuga	68	0

Chautauqua	50	1
Chemung	134	0
Chenango	118	0
Clinton	94	0
Columbia	350	0
Cortland	36	0
Delaware	69	0
Dutchess	3,724	14
Erie	5,131	94
Essex	34	0
Franklin	18	0
Fulton	184	2
Genesee	184	2
Greene	215	1
Hamilton	5	0
Herkimer	93	1
Jefferson	71	0
Lewis	18	0
Livingston	111	0
Madison	292	32
Monroe	2,465	89
Montgomery	75	0
Nassau	39,368	73
Niagara	858	13
NYC	194,550	729
Oneida	802	17
Onondaga	1,718	53
Ontario	170	18
Orange	10,043	55
Orleans	171	3
Oswego	90	1
Otsego	67	0
Putnam	1,168	9
Rensselaer	453	9
Rockland	12,831	33
Saratoga	438	2
Schenectady	633	2
Schoharie	48	0

Schuyler	10	0
Seneca	52	1
St. Lawrence	195	3
Steuben	237	1
Suffolk	38,411	84
Sullivan	1,267	9
Tioga	114	1
Tompkins	145	3
Ulster	1,571	6
Warren	235	0
Washington	221	1
Wayne	103	5
Westchester	32,517	115
Wyoming	79	0
Yates	34	8

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)